

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa saéstuna moal leupas tina fénoména daur hirup (*life cycle*) ti mimiti dilahirkeun nepi ka maotna. Dina ngalakonan prosés daur hirup, manusa miboga cara ngaliwatan tradisi nu diupacarakeun atawa sok disebut salametan pikeun ngajaga sangkan manusa nu ngalaksanakeun éta upacara ngarasa teteg hatena (tenang) jeung salamet hirupna sarta jauh tina balai.

Masyarakat Sunda minangka salasihiji étnis nu aya di Indonésia, miboga cara sorangan pikeun nyingkahan hal-hal nu teu hadé dina ngalaksanakeun fénoména daur hirup, salasihijina dina prosés nyanghareupan kalahiran. Saméméh lahir, nu keur kakandungan ilaharna sok ngaliwatan sababaraha runtuyan acara salametan pikeun miara kakandungan. Miara kakandungan miboga udagan pikeun ngajaga nu keur kakandungan tina sagala pangaruh goréng ti roh ghaib atawa alam sabudeureun nu sipatna ghaib. Ieu hal diwewegan ku Yusuf (1992, kc. 220) yén miara kakandungan dilakukeun pikeun nyingkahan posisi orok nu teu normal, jeung posisi sirah orok nu teu di handapeun beuteung indungna nu disebut sungsang. Eta ‘kelainan’ kandungan téh dibalukarkeun kusabab ‘aktivitas’ ti nu ngandegna, jeung aya sawatara pangaruh goréng ti dunya ghaib. Prosés miara kakandungan ilaharna dilaksanakeun ti mimiti ngandeg bulan kahiji dugi ka nyanghareupan kalahiran. Ieu prosés miara kakandungan di masyarakat Sunda disebutna adat ngariksa nu reuneuh (Ensiklopedi Sunda, 2000, kc. 16).

Aya sawatara cara nu bisa dilakukeun dina ngalaksanakeun adat ngariksa nu reuneuh. Kahiji nyaéta ngayakeun salametan atawa sidekah; kadua nyaéta mekelan nu keur kakandungan ku banda-banda nu di percaya bisa ngaleungitkeun roh jahat; katilu nyaéta nalingakeun nu keur kakandungan sangkan teu ngareumpak pantrangan karuhun. Salametan téh umumna dilaksanakeun saupama kandungan geus asup kana usia opat bulan. Salametan séjénna baris dilaksanakan lamun éta kandungan asup kana usia lima bulan, tujuh bulan, jeung salapan bulan. Dina nyanghareupan salametan tujuh bulan biasana sok diayakeun sedekah nu leuwih gede (rongkah). Ieu hal diwewegan ku pamadegan Mustapa (2010, kc. 21)

yén saupama umur ngandeg geus nincak tujuh bulan, kudu geus tatahar pikeun ngayakeun sedekah nu leuwih gedé tibatan sedekah-sedekah unggal bulanna nu ngan cukup saukur bubur beureum, bubur bodas jeung lilin. Anapon sedekah tujuh bulan dilaksanakeun dina tanggal nu aya angka tujuh. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Prawira Soeganda (1982, kc. 16) yén aturan sedekah tujuh bulan biasana kudu nincak tanggal nu aya angka tujuh, nyaéta tanggal 7, 17, jeung 27.

Kapercayaan masarakat Sunda dina mangsa kakandungan digambarkeun salaku prosés *évolusi* ti mulai aya janin nepi ka jadi orok. Unggal umur kandungan sok dibére sesebutan, ti mimiti sabulan nepi ka salapan bulan. Kaasup dina umur kandungan tujuh bulan sok disebut malik, nu hartina posisi janin geus malik atawa robah sabab rék néangan jalan kaluar (*Ensiklopedi Sunda*, 2000, kc. 17). Posisi janin nalika umur tujuh bulan geus sakuduna malik atawa robah posisi sirahna aya di handap. Tapi dina kanyatanna, teu sakabéh janin dina umur kandungan tujuh bulan geus robah, aya sawatara janin nu posisi sirahna masih kénéh di luhur, éta kajadian téh sok disebut sungsang. Nurutkeun Amru (dina Putra, spk, 2016, kc. 1) sungsang nyaéta kaayaan janin nu posisina manjang dina rahim jeung posisi sirahna aya di *fundus* ogé imbitna aya di handap. Saupama ieu hal diantepkeun, tangtuna bakal ngabalukarkeun hal nu teu hadé ka indungna. Nurutkeun Nugraha (dina Zulaikha, jeung Apidianti, 2017, kc. 1) yén hal nu ngabalukarkeun réa indung tilar dunya di nagara Indonesia jeung nagara séjén diantarana, perdarahan (25%), inféksi (14%), kelainan hiperténsi dina kahamilan (13%), posisi sungsang (13%), sarta lilana durasi ngalahirkeun (7%). Posisi sungsang nyumbangkeun 13% nu ngabalukarkeun lobana indung nu tilar dunya. Ku kituna, ieu kudu disingkahan ku awéwé nu keur ngandeg sangkan salamet, boh salamet indungna boh salamet anakna. Cara nyingkahan bisa ku cara ngadatangan jelema nu miboga pangaweuruh teleb ngeunaan kandungan, salasihijina indung beurang. Indung beurang nyaéta bidan tradisional nu pancénna salian ti mantuanna prosés ngalahirkeun ogé mantuan ngajagaan indung jeung anakna dina gangguan roh ghaib nu jahat (*Ensiklopedi Sunda*, 2000, kc. 496). Kiwari, masih kénéh aya sawatara masarakat Sunda nu ngagunakeun jasa indung beurang pikeun miara kakandungan. Salasihiji masarakat Sunda nu masih kénéh ngagunakan jasa

indung beurang pikeun miara kakandungan nyaéta masarakat di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi. Prosés pikeun miara kakandungan di Désa Parungséah dilaksanakeun ngaliwatan Tradisi Ngagédog.

Tradisi Ngagédog geus lumangsung ti jaman baheula, nepi ka ayeuna nincak kana generasi ka opat. Ieu tradisi miboga udagan pikeun netepkeun posisi janin dina umur kandungan nu geus asup tujuh bulan jeung menerkeun posisi janin saupama sungsang. Anapon ieu kagiatan dilaksanakeun dina kaping 7, 17, atawa 27. Runtuyan kagiatan dina ieu tradisi dimimitian ku ngolah rujak kanitrén jeung nataharkeun properti nu baris digunakeun saperti sinjang nu jumlahna aya tujuh, endog hayam, kalapa nu dibutik, tiung warna bodas, cai kembang, buyung katut gayungna, jeung duit sawéran. Sabada properti siap, kagiatan diteruskeun kana prak-prakan Tradisi Ngagédog nu dimimitian ku do'a hadiah, ngagédog, adus goib, meupeuskeun endog, nyiraman, sawér, meupeuskeun kalapa, jeung nuruban awak ku sinjang. Teu hilap, kadaharan nu geus disiapkeun nyaéta rujak kanitrén nu baris dibagikeun ka tatangga sabudeureunna jeung benang katut jarum nu baris dibagikeun ka nu réngsé nyiraman.

Dina unggal tradisi, tangtuna waé miboga ma'na nu nyamuni ngaliwatan tanda-tanda nu aya dina éta tradisi. Kaasup Tradisi Ngagédog nu aya di Désa Parungséah, miboga ma'na nu nyampak ngaliwatan tanda-tanda nu aya dina Tradisi Ngagédogna. Ku kituna, ieu panalungtikan kudu dilaksanakeun sangkan tiasa ngaguar ma'na nu aya dina Tradisi Ngagédog. Ulikan nu digunakeun pikeun maluruh tanda nu aya dina Tradisi Ngagédog nyaéta ulikan sémiotik atawa élmu tanda. Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh tanda nu aya dina Tradisi Ngagédog, nu ssaterusna éta tanda téh dikelompokeun dumasar kana tiori élmu tanda Charles Sanders Peirce nu ngabagi tanda jadi tilu, ngawengku ikon, indéks, jeung simbol. Urgénsi tina ieu panalungtikan nyaéta ieu tradisi téh geus lumangsung ti baheula tur diturunkeun ti generasi ka generasi saterusna. Nepi ka kiwari, ieu tradisi masih lumaku di masarakat sabudeureunana. Masalah nu nyampak dina ieu tradisi téh nyaéta masarakat nu ngagunakeun ieu tradisi henteu nyangkem kana ma'na nu aya dina runtuyan jeung properti katut bahan nu dipaké dina ieu tradisi. Antukna, ieu tradisi téh jadi kurang sampurna sabab kurangna

informasi ka masarakat ngeunaan ma'na nu aya dina Tradisi Ngagédog. Ngaliwatan Tradisi Ngagédog, nu keur kakandung bakal nyaho posisi orok dina jero beuteungna, sungsang atawa henteu. Saupama orok dina jero beuteung posisi sirahna masih kénéh di luhur, ku indung beurang ditarékahan sangkan sirahna aya di handap, saterusna indung beurang ngagédog sangkan posisi sirahna teu muter deui ka luhur.

Panalungtikan saméméhna nu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Juwintan (2017) anu judulna “*Analisis Semiotik pada Adat Nujuh Bulan di Cirebon*”, ieu panalungtikan medar ngeunaan salametan tujuh bulan di Cirebon nu sok disebut upacara memitu. Panalungtikan nu dilakukeun ku Rahmawati., spk (2020) anu judulna “*Ritual Budaya Selama Kehamilan Di Indonesia Sebagai Bentuk Local Wisdom Dukungan Sosial*”, Panalungtikan nu dilakukeun ku Wahyuni (2014) anu judulna “*Folklor Dina Tradisi Tujuh Bulanan di Kecamatan Cilawu Kab.Garut Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII*”, ieu panalungtikan medar ngeunaan folklor nu aya dina tradisi tujuh bulanan di Kabupatén Garut. Panalungtikan nu dilakukeun ku Fachrurrofi (2018) anu judulna *Tradisi Babanyo di Kacamatan Cihampelas Kabupaten Bandung Barat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII*. Ieu panalungtikan medar ngeunaan unsur sémiotik nu aya dina Tradisi Babanyo. Hasilna kapaluruh 30 tanda nu ngandung harti, nyaéta 13 nu kaasup ikon, 3 nu kaasup indéks, jeung 14 nu kaasup simbol. Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan sateuacanna aya dina prak-prakan ngagédogna. Sok sanajan Ngagédog asup kana runtuyuan salametan tujuh bulan, tapi teu acan aya nu medar sacara husus ngeunaan Tradisi Ngagédog. Ku kituna perlu diayakeun ieu panalungtikan kalayan judul “Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA kelas XII (Ulikan Sémiotik)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha runtuyan kagiatan nu aya dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi?
- b. Properti jeung bahan naon waé nu dipaké dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi?
- c. Unsur sémiotik naon waé nu nyampak dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi?
- d. Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh unsur sémiotik dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- a. Runtuyan kagiatan dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi.
- b. Properti jeung bahan nu dipaké dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi.
- c. Unsur semiotik (ikon, indéks jeung simbol) nu nyampak dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi.
- d. Larapna Tradisi Ngagédog pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan tur ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan hususna tradisi nu aya di masarakat Sunda, boh keur panalungtik boh keur masarakat lianna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan budaya nu geus dilaksanakeun sacara turun temurun ti para karuhun. Salian ti éta, ieu hasil panalungtikan ogé dipaké pikeun maluruh ngeunaan ma'na atawa harti nu nyangkaruk dina Tradisi Ngagédog di Désa Parungséah Kecamatan Sukabumi Kabupatén Sukabumi.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Sacara isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun awéwé nu keur ngandeg, sangkan orokna kaluar salamet jeung teu sungsang. Unsur semiotik nu aya dina Tradisi Ngagédog bisa dijadikeun salasihiji rojongan sosial jeung do'a pikeun awéwé nu keur kakandung sangkan orokna salamet nalika dilahirkeun jeung teu sungsang.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Sacara kawijakan, ieu tradisi dipiharep dijadikeun invéntaris budaya di Kabupatén Sukabumi jeung di Provinsi Jawa Barat sangkan nambahan kajembaran tradisi nu aya di tatar Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan nu aya dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti ieu di handap:

1. BAB I BUBUKA, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.
2. BAB II ULIKAN TEORI, PANALUNGTIKAN SAMEMEHNA, JEUNG RARAGA MIKIR, eusina medar teori ngeunaan konsép Kabudayaan, Tradisi, Sémiotik, jeung Bahan Pangajaran Maca.

3. BAB III METODE PANALUNGTIKAN, eusina ngawengku désain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik analisis data.
4. BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN, eusina ngajelaskeun sarta ngadéskripsikeun runtuyan acara tradisi ngagédog, alat jeung bahan nu aya dina tradisi ngagédog, unsur sémiotik nu nyampak dina tradisi ngagédog, jeung larapna kana bahan pangajaran.
5. BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI, eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékomen.